

FEEDING SOUTH FLORIDA

**PWOGRAM ÈD MANJE ANNIJANS [EMERGENCY FOOD ASSISTANCE PROGRAM (TEFAP)]
SÈTIFIKA KALIFIKASYON POU POTE MANJE LAKAY OU
7 CFR 251**

Non: _____
Adrès: _____

Kantite Moun ki Nan Kay la: _____
Konte _____

Enfòmasyon ki endike anba la a montre yon revni anvan dediksyon chak ane pou kantite moun ki nan chak fanmi. Si revni moun lakay ou nan oswa anba revni ki endike pou kantite moun lakay ou, ou kalifye pou resevwa manje a. **Tablo ki anba la a anvigè apati 1ye Jiyè 2022 jiska 30 jwen 2023.**

Kantite Moun ki nan Kay la	Revni Chak Ane	Revni pa Mwa	De Fwa pa Mwa	Chak de (2) Semèn	Revni pa Semenn
1	\$17,667	\$1,473	\$737	\$680	\$340
2	\$23,803	\$1,984	\$992	\$916	\$458
3	\$29,939	\$2,495	\$1,248	\$1,152	\$576
4	\$36,075	\$3,007	\$1,504	\$1,388	\$694
5	\$42,211	\$3,518	\$1,759	\$1,624	\$812
6	\$48,347	\$4,029	\$2,015	\$1,860	\$930
7	\$54,483	\$4,541	\$2,271	\$2,096	\$1,048
8	\$60,619	\$5,052	\$2,526	\$2,332	\$1,166
Pou chak manm fanmi sipleman, ajoute:	\$6,136	\$512	\$256	\$236	\$118

Tablo a bay detay sou kritè pou kalifye pou revni pa mwa ou, revni ou resevwa de fwa pa mw (24 peman chak ane), revni ou resevwa chak de (2) semèn (26 peman pa ane) ak revni ou resevwa chak semèn.

Ou kalifye pou resevwa manje nan TEFAP si moun lakay ou satisfè gid revni ki endike anwo a oswa si yo patisipe nan nenpòt pwogram ki endike anba la yo: Tanpri mete yon tchèk-mak nan espas ki toupre kategori ki aplike pou ou.

- _____ Kalifikasyon dapre revni
- _____ Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman [Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)] [oswa Food Stamps (koupon pou achte manje)]
- _____ Èd Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite [Temporary Assistance for Needy Families (TANF)]
- _____ Revni Sekirite Sipleman [Supplemental Security Income (SSI)]
- _____ Medicaid

Tanpri li deklarasyon ki anba la a avèk anpil atansyon epi answit siyen fòm nan epi ekri dat jodi a. Ou sèlman bezwen satisfè youn nan kondisyon sa yo pou ou kalifye pou resevwa manje USDA.

Mwen konfime revni moun lakay mwen anvan dediksyon pa ane nan oswa anba revni ki endike sou fòm sa a pou kay yo ki gen menm kantite moun OSWA mwen patisipe nan pwogram (yo) mwen koche kaz pou yo sou fòm sa a. Mwen konfime tou apati jodi, m ap viv nan Eta Florida. Mwen soumèt sètifika sa a anrapò avèk èd federal m ap resevwa. Ofisyèl pwogram nan ka verifye sa mwen konfime ki vrè a. Mwen rekonèt si mwen bay yon fo sètifika sa ka lakòz yo fè mwen peye ajans Eta a pou valè manje yo te ban mwen yon fason ki pa t kòrèk epitou mwen ka tonbe anba pouswit nan lajistis sivil oswa kriminel dapre lwa Eta a oswa lwa federal.

Siyati

Dat la

SÈTIFIKA SA A VALAB POU YON PERYÒD YON ANE epi yo ka renouvle li si sa nesèsè. Mwen dwe rapòte nenpòt chanjman nan sikonstans yo ba ajans distribisyon an imedyatman.

SEKSYON SA A PA OBLIGATWA: Mwen otorize _____ pou al chèche manje USDA sou non mwen.

“Dapre lwa federal dwa sivil ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Etazini (USDA), yo entèdi enstitisyon sa a pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil pase.

Enfòmasyon sou pwogram yo ka disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans leta oswa lokal ki responsab pou administre pwogram nan oswa TARGET Center USDA a nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, yon moun ki pote plent dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòmilè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a ke yo ka jwenn sou Entènèt nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/USDA-OASCR%20P-Complaint-Form-0508-0002-508-11-28-17Fax2Mail.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866) 632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese a USDA. Lèt la dwe genyen non moun ki pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòm Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Fòm oswa lèt AD-3027 ranpli a dwe soumèt bay USDA pa:

- 1. lapòs:**
U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; or
- 2. fask:**
(833) 256-1665 or (202) 690-7442; oswa
- 3. imel:**
program.intake@usda.gov”

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal..